

**Èske sa se PITIT ou?
Si non --
Li kapab rive
PWOCHÈN FWA**



NATIONAL
CENTER FOR
**MISSING &
EXPLOITED
CHILDREN**
OJJDP Office of Juvenile Justice
and Delinquency Prevention
U.S. Department of Justice

Pitit nou yo se viktim ke yo bliye nan sistèm jistis nou an

Èske ou konnen konbye timoun ki disparèt chak ane?

Genyen aprepre 800.000 timoun ke yo rapòte ki disparèt chak ane – Sa se pli ke 2.000 pa jou!¹

Èske ou konnen konbyen timoun ke yo pral viktimize seksyèlman avan ke yo vinn tounen adilt?

Tifi: 1 nan 5 epi
Gason: 1 nan 10
Pral viktimize²

Konesans sou krim ke yo komèt kont timoun ogmante e vinn fè anpil fanmi santi yo vilnerab. Li enpòtan pou paran yo ak gadyen yo pou rete konsyan ak eveye, men oumen ak pitit ou an pa fèt pou pè. Posibilite ke pitit ou an pral disparèt oubyen eksplwatè seksyèlman piti anpil. Kèlkeswa, kòm yon paran ak gadyen ou fèt pou fè tout sa ou kapab pou kenbe pitit ou senesòf ak prepare yo pou malè. Enfòmasyon nan bwochi sa ka ede w pou evite ke pitit vinn disparèt oubyen eksplwate seksyèlman ak founi yon plan aksyon si sa ta rive pitit ou.



¹ Kòm rapòte pa Andrea J. Sedlak, David Finkelhor, Heather Hammer ak Dana J. Schultz, "National Estimates of Missing Children: An Overview" ("Nasyonal Estimasyon Pou Timoun Ki Disparèt: Yon Ekspoze Jeneral"), *National Incidence Studies of Missing, Abducted, Runaway, and Throwaway Children (Nasyonal Evidans Etid Pou Disparisyon, Kidnap, timoun ki Sove, ak Timoun Abandone)*, Washington, DC: Office of Juvenile Justice and Delinquency Prevention (Ofis Jistis Lajènès, ak Prevansyon Vagabondaj), Office of Justice Programs (Ofis Program Jisisyè), U.S. Department of Justice (Depatman Ljistis Ozetazini), Oktòb 2002, paj 5, yo te estime ke yo te rapòte 797.500 timoun ki disparèt an 1999. NCMCE te revize rapò Biwo Federal Pou Envestigasyon Sant Enfòmasyon Krim Nasyonal (Federal Bureau of Investigation's National Crime Information Center) la te fè sou moun ki disparèt yo ki montre diferan antre ant 818.921 ak 929.518 for 5 ane pase yo. Kòm tradisyon 80% nan antre sa yo se pou moun ki pli jèn ke 18 an.

² David Finkelhor. "Current Information on the Scope and Nature of Child Sexual Abuse." ("Enfòmasyon Ajou sou Anplid an Nati sou Abi Seksyèl Timoun.") *The Future of Children: Sexual Abuse of Children (Foto de Timoun: Abi Seksyèl sou Timoun)*, 1994, Volim 4, paj 37.

**POU KENBE PITIT OU YO SENESÒF
PALE AVÈK YO BONÈ AK REGILYÈMAN
OSIJÈ DE SEKIRITE YO**

**Kisa Paran ak
Gadyen Ka Fè**

- ➔ **Tande** sa pitit ou ap di
- ➔ Pran tan pou **pale** avèk pitit ou.
- ➔ **Konen** ki moun zanmi pitit ou yo ye
- ➔ **Peye atansyon** lè nenpòt moun k ap montre yon oubyen tout pitit ou yo twòp atansyon oubyen kòmanse bayo kado
- ➔ **Aprann** pitit ke yo fèt pou di **NON** pou nenpòt aksyon oubyen touche ke lòt moun fè yo ki pa byeveni, pa konfòtab, ki koze konfizyon
- ➔ **Se pou sansib** pou nenpòt chanjman nan konpòtman oubyen atitid pitit ou
- ➔ **Siveye** ak **koute** pou ti endikasyon ki ka montre w ke pitit ou an genyen bagay ki trakase, paske timoun pa toujou konfòtab pou devwale evenman oubyen santiman ki enkyetan
- ➔ Si pitit ou pataje pwoblèm yo avèk ou, fè tout posib ou pou rete **kalm, pa kritikal** ak **san jijman**.
- ➔ Asire w pou **trye** bebisitè ak moun ki bay swen
- ➔ Founi **omisyon** ak **sipèvizyon** pou pitit ou pou òdinatè ki sou entènèt la
- ➔ **Angaje w** nan aktivite pitit ou yo
- ➔ **Travay** avèk lekòl pitit ou pou ka mete an plas pwogram ki fò pou sekirite-timoun kòm yon pati de kourikoulòm yo
- ➔ **Pratike** konesans de bas sou sekirite avèk pitit ou, e diskite sekirite yo onètman e franchman

Anyen pa ka ranplase atansyon w ak sipèvizyon w. Lè ou disponib e ou pale avèk pitit ou pou vrèman konnen ak tande sa pitit ou di, ede anpil pou bati yon santiman ki senesòf ak sekirite.

Nou adapte gid sa de bwochi *Preventing the Sexual Exploitation of Children (Prevni Eplwatasyon Seksyèl pou Timoun)*. Kopi Rayit © 2003 Sant Enfòmasyon Nasyonal Sou Moun ki Disparèt Ak Timoun Explwate (Copyright © 2003 National Center for Missing & Exploited Children). Tout dwa rezève.

Si Pitit Ou se yon Viktim Eksplwatasyon Seksyèl

Si piti gason w oubyen pirit fi w endike ke yo se viktim eksplwatasyon seksyèl oubyen abi, swuiv gid ki enimerè anba la:

Pinga

- ➔ Panike oubyen reyaji twòp lè pitit ou an ba w enfòmasyon sa
- ➔ Kritike oubyen blame pitit ou

Ou dwe

- ➔ Respekte vi prive pirit ou
- ➔ Sipòte pitit ou an ansanm avèk desizyon li pou pale avèk ou
- ➔ Montre li afeksyon fizik, e ekspriye amou w ak konfidans ou avèk mo e jès
- ➔ Eksplike piti gason oubyen piti fi w la ke li p at fè anyen ki pa bon
- ➔ Sonje byen ke timoun bay manti raman lè se sou aksyon eksplwatasyon seksyèl
- ➔ Kite liy kominikasyon ouvri ant pitit ou e oumenm

Kisa Pou Fè Si Yo Te Eksplwate Pitit Ou an

- ① Chèche atansyon medikal apwopriye pou asire w ke pitit ou an p at genyen oken bagay mal ki te rive li fizikman
- ② Rapòte eksplwatasyon an pou ajans anfosman lwa (law-enforcement agency) lokal ou an
- ③ Enfòm Pwoteksyon-Timoun (child-protection), Sèvis Lajènès (youth-services), Abi-Timoun (child-abuse), oubyen lòt òganizasyon sosyal ki apwopriye osijè eksplwatasyon an
- ④ Chèche kosèy sikolojik oubyen terapi pou pitit ou
- ⑤ Kontakte Sant Enfòmasyon Nasyonal Sou Moun ki Disparèt Ak Timoun Explwate (National Center for Missing & Exploited Children) nan 1-800-843-5678 oubyen www.cybertipline.com pou ka konnen tout resous ki disponib pou ou

Nou adapte gid sa de bwochi *Just in Case...Parental guidelines in case your child might someday be the victim of sexual exploitation. (Jis Anka...Gid paran si an ca piti ou ka yon jou vinn viktim eksplwatasyon seksyèl.)*
Kopi Rayit © 1985 Sant Enfòmasyon Nasyonal Sou Moun ki Disparèt Ak Timoun Explwate (Copyright © 1985 National Center for Missing & Exploited Children). Tout dwa rezève.

Prepare An Ka Pitit Ou Vinn Disparèt

Pran 6 etap enimerè anba la pou prepare w.

- ① Kenbe yon **deskripsyon** komplè de pitit ou an sou lamèn
- ② Pran yon **fotograf** an koulè de pitit ou an chak sis mwa
- ③ Fè dantis ou an prepare e kenbe yon **dosye dantè** pou pitit ou an ak aisre w ke yo ajou aprè chak egzaminasyon oubyen reparasyon dantèke yo fè
- ④ Konen ki kote yo kenbe **dosye medikal** pitit ou an.
- ⑤ Fè aranjman avèk ajans anfòmman lalwa lokal ou an pou yo pran **anprint dwèt** pitit ou an e kenbe li nan yon kote kis senesòf a fasil pou jwen
- ⑥ Kenbe yon echantiyon **AND** de pitit, tankou yon ansyen bwòs à dan nan yon gwo anvlòp jòn ke pitit ou an niche ak lang li pou ka sele li, nan yon kote ki sèch, nan yon kote ki fasil pou jwen men ki lwen de chalè.

Kisa Pou Fè Si Pitit An Disparèt

Li trè zenpòtan ke ou aji imedyatman, paske si yon krim ap fèt li toujou pase nan lespas the 3 premye èdtan aprè anlèveman an.³

- ① **Fouye** kay ou ak tcheke avèk fanmi, vwazen, ak zanmi pou eseye jwen pitit ou an
- ② Si ou pa kapab jwen pitit ou an, **rapòte** ke pitit ou an Disparèt la imesyatman pou ofisyè lokal anfòmman lalwa.
- ③ **Limite** aksè nan kay yo jiska seke ofisyè lokal anfòmman lalwa rive e yo te kolektè tout evidans⁴
- ④ **Bay** ofisyè lokal anfòmman lalwa tout enfòmasyon ke yo mande sou pitit ou, ak asire w ke ou bay nepòt enfòmasyon ki ka ede nan rechèch yo
- ⑤ **Mande** ke yo rantre non ak enfòmasyon idantifikasyon pitit ou an nan dosye Moun Ki Disparèt nan Sant Enfòmasyon Nasyonal Sou Krim (National Crime Information Center, NCIC) la.
- ⑥ **Rele** Sant Enfòmasyon Nasyonal Sou Moun ki Disparèt Ak Timoun Explwate (National Center for Missing & Exploited Children, NCMEC) nan **1-800-THE-LOST® (1-800-843-5678)** pou ka jwen resous ki disponib pou ou.

Nou adapte gid sa de bwochi *Just in Case...Parental guidelines in case your child might someday be missing. (Jis Anka...Gid paran si an ka piti ou ka yon jou disparèt.)* Kopi Rayit © 1985 Sant Enfòmasyon Nasyonal Sou Moun ki Disparèt Ak Timoun Explwate (Copyright © 1985 National Center for Missing & Exploited Children). Tout dwa rezève.

³Kenneth A. Hanfland, Robert D. Keppel ak Joseph G. Weis. *Case Management for Missing Children Homicide Investigation: Executive Summary (Manajè Pou Evestigasyon Ka pou Timoun Ki Disparèt Ak Omisid: Rezime Egzekitif)*. Olympia, Washington: Office of the Attorney General (Ofis Avoka Jeneral), Eta Washington, ak U.S. Department of Justice's Office of Juvenile Justice and Delinquency Prevention (Depatman Ljistis Ozetazini Pou Jistis Lajènès, ak Prevansyon Vagabondaj), Me 1997, paj 3.

⁴Jeanne Phillips. "Dear Abby." ("Chèr Abi.") *The Washington Post*. 23 Septanm, 2003, paj C11.

Sant Enfòmasyon Nasyonal Sou Moun ki Disparèt Ak Timoun Explwate

- Te etabli an 1984 kòm yon oganizasyon prive e san bi likratif
- Foni asistans teknik pou piblik la ak anfòsman lalwa
- Ofri pwogram edikasyon pou anfòsman lalwa ak pwofesyonè sèvis sosyal
- Li distribye foto ak deskripsyon timoun ki disparèt toupatou nan lemond
- Kowòdine efò pou pwoteksyon-timoun avèk sektè prive
- Rezo avèk founisè de sèvis san bi likratif ak sant enfòmasyon leta
- Founi enfòmasyon osijè lejislasyon efektif pou ede asire pwoteksyon timoun yo

Kontakte NCMEC pou plis enfòmasyon nan



Charles B. Wang International Children's Building
699 Prince Street
Alexandria, Virginia 22314-3175
U.S.A.

1-800-THE-LOST® (1-800-843-5678)

Kopi Rayit © 2003 Sant Enfòmasyon Nasyonal Sou Moun ki Disparèt Ak Timoun Explwate (Copyright © 2003 National Center for Missing & Exploited Children). Tout dwa rezève.

Donasyon No. 2005-MC-CX-K024 te sipòte pwojè sa e se Ofis Jistis Lajènès, ak Prevansyon Vagabondaj, Ofis Program Jisisyè, Depatman Ljistis Ozetazini ki te akòde li. Pwen de vi oubyen opinyon dokiman sa a se opinyon moun ki te ekri li an e li pa nesesèman reprezante yon pozisyon ofisyèl oubyen polis de Depatman Ljistis Ozetazini. Sant Enfòmasyon Nasyonal Sou Moun ki Disparèt Ak Timoun Explwate®, 1-800-THE-LOST®, ak CyberTipline® se vevis ak mak enrejistre de Sant Enfòmasyon Nasyonal Sou Moun ki Disparèt Ak Timoun Explwate (National Center for Missing & Exploited Children) la.

